KURUMBIDZA KUNAMATA KUVONGA

Haiwa Jehovha, Ishe wedu, zita renyu rakaisvonaka sei panyika yose! Makaisa kubwinya kwenyu kudenga-denga.
Pisarema 8:1

Ishe, makafanira kuti mugamuchire kubwinya, nokukudzwa, nesimba, nokuti ndimi makasika zvinhu zvose, zvinovapo, zvakasikwa nokuda kwenyu.
Zvakazarurwa 4:11

Kana muchikudza Ishe, mukudzei nepamunogona napo; nekuti kunyange zvakadaro uchapfuura nokure kure; kana muchimukudza, shandisai simba renyu rose, uye musaneta; nekuti hamungatongosviki kure.
Muparidzi 43:30

Jehovha ndiye simba rangu norwiyo rwangu; iye akava ruponeso rwangu; ndiye Mwari wangu, ndichamugadzirira ugaro; Mwari wababa vangu, ndichamukudza.
Eksodho 15:2
Haiwa Jehovha, ndimi Mwari wangu; Ndichakukudzai, ndicharumbidza zita renyu; nekuti makaita zvinoshamisa; zvamakafunga kare ndezvechokwadi nechokwadi.
Isaya 25:1
Zvanzi naJehovha, “Munhu akachenjera ngaarege kuzvirumbidza pamusoro pouchenjeri hwake, uye munhu ane simba ngaarege kuzvirumbidza pamusoro pesimba rake, uye mupfumi ngaarege kuzvirumbidza pamusoro pepfuma yake. Asi anozvikudza ngaazvirumbidze pamusoro pechinhu ichi, kuti unondinzwisisa nokundiziva ini, kuti ndini Jehovha, unoita unyoro nokururamisira, nokururama panyika; nekuti ndinofarira zvinhu izvi,” ndizvo zvinotaura Jehovha. Jeremia 9:23-24
Zvino mazuva iwayo akati apera, ini Nebhukadhinezari ndakatarira kudenga nameso angu, simba rangu rokufunga rikadzokerazve kwandiri, ndikarumbidza Wekumusoro-soro, ndikamurumbidza nokumukudza iye ari mupenyu nokusingaperi, ane simba roushe husingaperi, noushe hwake. ushe hunobva kuchizvarwa nechizvarwa. vose vagere panyika vakaita sapasina chinhu; iye anoita sezvaanoda pahondo yokudenga, napakati pavagere panyika; hakuna ungadzora ruoko rwake, kana ungati kwaari, Unoiteiko? Zvino ini Nebhukadhinezari ndinorumbidza nokuombera nokukudza Mambo wokudenga; nekuti mabasa ake ose ndeechokwadi, nenzira dzake dzakarurama; iye anogona kuderedza vanofamba vachizvikudza. Dhanieri 4:34-37
Naizvozvo Mwariwo wakamukudza zvikuru, akamupa zita rinopfuura mazita ose; Kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame, ezviri kudenga nezviri panyika nezviri pasi penyika; uye kuti ndimi dzose dzireurure kuti Jesu Kristu ndiye Ishe, kuti Mwari Baba vakudzwe. VaFiripi 2:9-11

Migumo yose yenyika icharangarira nokudzokera kuna Jehovha; Marudzi ose avahedheni achanamata pamberi penyu. Nokuti ushe ndohwaJehovha, uye ndiye mubati pakati pamarudzi. Pisarema 22:27-28

Ipai Jehovha, imi mune simba, ipai kuna Jehovha kukudzwa nesimba. Ipai Jehovha kukudzwa kunofanira zita rake; Namatai Jehovha murunako rwoutsvene. Pisarema 29:1-2

Kuti kukudzwa kwangu kukuimbirei nziyo dzokurumbidza, ndirege kunyarara. Ishe Mwari wangu, ndichakuvongai nokusingaperi. Pisarema 30:12

Ndicharumbidza Jehovha nguva dzose; kurumbidzwa kwake kucharamba kuri mumuromo mangu. Mweya wangu uchazvirumbidza muna Jehovha; Vanyoro vachazvinzwa, vakafara. Kudzai Jehovha pamwe chete neni, ngatikudzise zita rake pamwe chete. Ndakatsvaka Jehovha, akandipindura, akandirwira pakutya kwangu kose. Pisarema 34:1-4

Pururudzai kuna Mwari, imwi nyika dzose; Imbirai mukurumbira wezita rake; Rumbidzai kudzo yake. Itiyi kuna Mwari, Mabasa enyu anotyisa sei! nokuda koukuru bwesimba renyu vavengi venyu vachazviisa pasi penyu. Pasi pose pachanamata kwamuri, Pachakuimbirai; vachaimbira zita renyu. Sera. Pisarema 66:1-4

Imbirai Mwari, imbirai zita rake nziyo dzokurumbidza; Baba venherera, nomutongi wemhosva dzechirikadzi, Ndiye Mwari paugaro hwake hutsvene. Pisarema 68:4-5

Ndicharumbidza zita raMwari norwiyo,
uye ndichamukudza nokuvonga. Pisarema 69:30

Ndudzi dzose dzamakaita dzichauya kuzonamata pamberi
penyu, imi Jehovha; uye vacharumbidza zita renyu.
Nekuti muri mukuru, munoita zvinhu zvinoshamisa;
ndimi Mwari moga. Pisarema 86:9-10
Uyai, tinamate tikotamire pasi; ngatipfugame pamberi
paJehovha Muiti wedu. Pisarema 95:6

Ipai Jehovha, imi mhuri dzavanhu, ipai Jehovha kukudzwa
nesimba. Ipai Jehovha kukudzwa kunofanira zita rake;
Uyai nechipiriso, mupinde muvazhe dzake. Namatai
Jehovha nenguvo tsvene; pasi pose mutye pamberi pake.
Pisarema 96:7-9
Kudzai Jehovha Mwari wedu, munamate pachitsiko
chetsoka dzake; nokuti iye mutsvene. Pisarema 99:5

imwi muri Mwari wangu, ndichakurumbidzai; imwi muri
Mwari wangu, ndichakukudzai. Vongai Jehovha; nekuti
akanaka; nekuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi.
Pisarema 118:28-29
Ndichanamata ndakatarira kutemberi yenyu tsvene,
Nokuvonga zita renyu nokuda kounyoro bwenyu
nokutendeka kwenyu; nekuti makakurisa shoko renyu
kupfuura zita renyu rose. Pisarema 138:2

Ndichakukudzai kwazvo, Mwari wangu, imwi mambo;
ndicharumbidza zita renyu nokusingaperi-peri.
Ndichakurumbidzai zuva rimwe nerimwe; Ndicharumbidza
zita renyu nokusingaperi-peri. Jehovha mukuru, anofanira
kurumbidzwa kwazvo; ukuru hwake hahunganzverwi.
Pisarema 145:1-3

Rumbidzai Jehovha. Rumbidza Jehovha, mweya wangu.
Ndicharumbidza Jehovha ndichiri mupenyu; Ndichaimbira
Mwari wangu nziyo dzokurumbidza ndichiri mupenyu.
Pisarema 146:1-2
Zvose zvinofema ngazvirumbidze Jehovha.
Rumbidzai Jehovha. Pisarema 150:6